



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOPOZISYON 25 MILYON DOLA POU
TRANZIZYON TRAVAYÈ KI EKZISTE YO AK FÒME MOUN KI SOTI NAN
KOMINOTE DEFAVORIZE YO POU TRAVAY ENÈJI PWÒP YO**

***NYSERDA ap pouswiv sibvansyon federal la pou sipòte Konsòsyòm Ekite Enèji
New York Community Colleges la pou ogmante fòmasyon ak preparasyon pou
travay pou 3,500 Nouyòkè***

***Soutni objektif Lwa sou Lidèchip pou Klima ak pou Pwoteksyon Kominotè a pou
bay omwen 35 pousan benefis investisman ki fèt nan enèji pwòp yo pou
kominote defavorize yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon pwopozisyon sibvansyon federal ki evalye a 25 milyon dola nan tout eta a ki sipòte pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) ak Konsòsyòm Ekite Enèji New York Community Colleges (New York Community Colleges Energy Equity Consortium) la. Pwopozisyon sa a pral adopte yon apwòch ki gen plizyè aspè pou resikle ak fòme Nouyòkè yo, ki gen ladan travayè ki deplase yo nan sektè konbistib fosil la ak manm kominote ki defavorize yo, pou nouvo opòtinite travay nan enèji pwòp yo. Anplis de sa, pwopozisyon an pral sipòte kolèj kominotè yo ak devlopman kourikoulòm ki baze sou endistri a ak mikwo-akreditasyon epi bay yon pakèt sèvis konplè pou ede moun yo fè siksè nan karyè yo. Travay anba pwopozisyon sa a sipòte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a ki se (Lwa Klima a) pou bay 35 pousan ak yon objektif 40 pousan nan benefis investisman ki fèt nan enèji pwòp yo pou kominote defavorize yo epi asire yon tranzisyon jis.

"Sa a se premye kolaborasyon piblik-prive nan tout eta a ki refilete yon angajman konjwen soti nan gouvènman, endistri, travay, edikasyon, fabrikasyon, ak òganizasyon kominotè pou prepare moun ki soti nan kominote defavorize yo pou tranzisyon enèji pwòp New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou fòme fiti mendèv New York la, nou bezwen reflechi yon fason kreyatif pou nou kapab pwofite ekspètiz ak resous ki egziste deja pou devlope nouvo sektè eksitan sa a - e yon lòt fwa ankò - Eta New York ap trase wout pou pi devan."

Nan non kolaborasyon nan tout eta a, NYSERDA te soumèt yon pwopozisyon 25 milyon dola pou yon opòtinite finansman atravè Defi Bon Travay Asosyasyon Devlopman Ekonomik (Economic Development Association, EDA) Etazini an. NYCCEE, yon konsòsyòm ki gen 24 kolèj kominotè SUNY/CUNY, anplwayè yo, òganizasyon kominotè yo, sendika yo, lidè relijye yo ak gouvènman lokal ak eta a, pral konsantre resous ki egziste deja yo epi eksplòre opòtinite pou pwofite finansman eta, federal ak prive pou devlope nouvo fòmasyon ak preparasyon karyè nan elektrifikasyon batiman, enèji ewolyèn olaj zòn kot, enèji solè, ak manifakti avanse. Chak sektè yo pral dirije respektivman pa Asosiyasyon pou Abòdabilite Enèji (Association for Energy Affordability, AEA), Sant pou kwasans Ekonomik (Center for Economic Growth, CEG) ak Kòporasyon Devlopman Ekonomik NYC (NYC Economic Development Corporation, NYCEDC), Konsèy Enèji Renouvlab Entè-eta (Interstate Renewable Energy Council, IREC), ak Asosyasyon Faktori New York Santral (Manufacturing Association of Central New York, MACNY). NYSERDA ak NYSDOL pral enfòmè efò sa a pou asire ke li ann akò ak rekòmandasyon Konsèy Aksyon Klimatik Eta New York (New York State Climate Action Council) la ak Gwoup Travay pou Tranzisyon Jis (Just Transition Working Group) la, ansanm ak bi ak objektif jeneral mendèv eta a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA ak Koprezidan Konsèy sou Klima a, Doreen M. Harris, te deklare, "Li klè ke travay n ap fè nan Eta New York la pou ranfòse fòmasyon pou travay vèt ak devlopman mendèv, espesyalman atravè yon kad konplè tankou sa a, se egzakteman sa ki dwe fèt nasyonalman pou asire ke tout moun ki soti nan chak kominotè gen menm opòtinite yo pou patisipe nan tranzisyon enèji pwòp la NYSERDA fyè pou l ede dirije efò sa a epi l ap kontinye efò nou yo pou konstwi yon avni bryan pou mendèv enèji pwòp New York la."

Komisè Depatman Travay Eta New York la ak Ko-Prezidan Gwoup Travay pou Tranzisyon Jis la, Roberta Reardon, te deklare, "Eta New York ap inogire yon nouvo epòk ekite lè li asire yo enkli kominote ki defavorize yo nan bon plas yon nan endistri enèji pwòp nou an k ap agrandi rapidman an. Depatman Travay la pare pou ede konekte Nouyòkè yo ak opòtinite fòmasyon ki pral prepare yo pou karyè ki rich nan yon domèn ki pral ede satisfè bezwen enèji eta nou an nan yon fason ki respekte anviwònman an."

Anplis de sa, kolèj CUNY/SUNY k ap patisipe yo pral travay ansanm pou devlope kourikoulòm ak pre-aprantisaj, estriktire òf aprantisaj a distans ak ibrid, epi konstwi klas ak pwogram ki pwofite fòs respektif yo. NYCCEE pral devlope akreditasyon nan enèji pwòp ak patisipasyon aktif yo ki soti nan men konseye endistri yo ak ekspè jistis anviwònmantal yo. Yo pral ofri patisipan yo tou sèvis konplè nan transpò, gadri, konsèy, ak lòt zòn ki detèmine selon bezwen lokal yo.

NYSERDA te soumèt pwopozisyon finansman an bay Defi Bon Travay EDA kòm efò New York ap fè nan tout eta a ki byen alinye ak objektif defi federal la - ki se fè Ameriken yo retounen travay nan bati ak ranfòse sistèm ak patenarya ki reyini anplwayè ki gen bezwen anbochaj ak lòt antite kle yo pou fòme travayè yo ak konpetans ki mennen nan travay ki byen peye. Anplis aplikasyon 25 milyon dola pou fon federal yo,

NYSERDA ta bay yon patisipasyon 3 milyon dola anplis nan pataj depans ki soti nan Fon Enèji Pwòp ak Inisyativ Gaz a Efè Sè Rejyonal la, anplis 500,000 dola ki soti nan AVANGRID, Inc., ak 250,000 dola nan NoVo Foundation.

Direktè Egzekitif Jeneral AVANGRID la, Dennis V. Arriola, te deklare, "Antanke yon konpayi enèji dirab k ap mennen, bati mendèv enèji pwòp pou lavni an se yon vizyon nou pataje ak Gouvènè Hochul. Antanke dirijan endistri pou NYCCEE, kolaborasyon AVANGRID ak NYSERDA bay yon pwogram inivèsèl pou ede asire n ap devlope yon seri talan travayè divès ki reprezante kominote n ap sèvi yo. Pwogram sa a se akimilasyon anpil konvèsasyon ak moun ki gen enterè yo ki gen ladan gwoup kominotè ak kolèj kominotè lokal yo ki te konsantre sou solisyon ki ta ka satisfè objektif mityèl nou yo pou ede konstwi yon mendèv kalifye ki pral ede pèmèt transfòmasyon enèji pwòp la."

Kowòdonatè Prensipal Pwojè Espesyal pou NoVo Foundation lan, Martin Kirk te deklare, "Nou konprann ke opòtinite sibvansyon federal sa a ta gen yon enpak benefik nan Eta New York, paske li ta bay resous enpòtan pou devlope yon sistèm fòmasyon konpetans nan enèji pwòp ki solid."

Nan kad pwopozisyon EDA NYSERDA a, NYCCEE pral fòme 2,000 nouvo travayè epi resikle 1,500 travayè ki deja egziste, epi apre yo pral plase yo nan bon jan kalite travay enèji pwòp ki byen peye, ak yon konsantrasyon espesyal pou rive atenn kominote ki defavorize yo ak popilasyon priorite yo. Arch Street Communications, yon biznis NY ke fanm posede ak eksperyans depi lontan nan enèji pwòp ak efikasite enèji, ta sipòte aplikasyon pwogram nan si yo finanse pwopozisyon EDA a.

Efò sa a nan tout eta a ki bati sou angajman NYSERDA ki gen plis pase 120 milyon dola pou sipòte nouvo inisyativ devlopman ak fòmasyon mendèv ki egziste deja yo, sa k ap ede fòme ak prepare plis pase 40,000 Nouyòkè pou opòtinite travay nan enèji pwòp k ap grandi disi 2025 epi ede biznis enèji pwòp yo ak rekritman, anbochaj, ak fòmasyon nan travay la. Nan mwa mas 2021, Depatman Trezò Etazini an ak Depatman Travay Etazini an te chwazi NYSERDA pou kolabore sou premye [Pwojè Patenarya Enpak Sosyal pou Peye Pou Rezilta](#), (Social Impact Partnerships to Pay for Results, SIPPPRA) ki fèt pou bay fòmasyon sou travay enèji pwòp pou travayè ki nan chomaj yo ak travayè ki gen revni fèb yo, ogmante salè patisipan yo epi evalye efikasite fòmasyon an. Pwojè a sipòte dirèkteman fòmasyon mendèv nan enèji pwòp epi li pral ede elimine baryè ki anpeche jwenn bon jan kalite travay - espesyalman nan kominote ki defavorize yo.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Batay kont chanjman klimatik la se pa sèlman yon envestisman nan anviwònman nou an; li vle di tou travay ki byen peye, pri enèji ki pi ba, ak opòtinite ekonomik. Pwopozisyon NYSERDA mete travayè yo ak kominote defavorize yo ki te sou premye liy kriz klimatik la an premye epi yo pral fòme pwochèn jenerasyon an pou plizyè milye djòb enèji pwòp pou alimante yon avni ki pi briyan pou tout Nouyòkè yo", deklarasyon Senatè Schumer. "Soti nan enèji ewolyèn olaj zòn kot pou rive nan idwojèn pwòp, New York ap dirije nasyon an nan inovasyon ak pwodiksyon pou enèji vèt epi pwojè tankou sa a pral ranfòse efò nou yo pandan n ap fè tranzisyon pou kite konbistib fosil yo. Mwen pral kontinye goumen ak tout zam nou pou asire ke

New York kapab mennen batay kont chanjman klimatik la epi travayè nou yo gen tout konpetans ak sipò yo bezwen pou jwenn bon jan kalite travay ki byen peye."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Pwopozisyon pwojè NYSERDA a se yon apwòch entelijan ak inovan nan yon tranzisyon enèji pwòp. Li ta pèmèt New York bati yon mendèv enèji vèt solid pandan y ap asire travayè ki deplase nan endistri gaz fosil yo ak manm kominote ki defavorize yo pa rete dèyè nan pwosesis la. Mwen ankouraje Administrasyon Devlopman Ekonomik la pou li bay pwopozisyon sa a tout konsiderasyon li."

Reprezantan Paul D. Tonko, te deklare, "Fòmè mendèv enèji pwòp nou an gen gwo avantaj sou travay nou pou adrese kriz klimatik la, pandan l ap ankouraje inovasyon ak ranfòse ekonomi Etazini an. Depi lontan mwen ap pouse nan Kongrè a pou invest nan travay enèji pwòp pou lavni an, e mwen kontan anpil akoz anons jodi a ki pral apiye sou efò sa a yon fson pisan. Mèsi a Gouvènè Hochul, NYSERDA ak tout moun ke angajman yo se pote nouvo opòtinite pou plizyè milye Nouyòkè epi asire eta nou an ap dirije nasyon an nan batay pou yon avni ki pi solid, ki pi pwòp e ki pi enklizif."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Pandan n ap travay pou nou travèse pandemi an, bay djòb ak yon salè pou moun kapav viv ak avantaj pral esansyèl pou fè fanmi yo tounen sou pye yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou inisyativ sa a ki pral ofri opòtinite travay nan enèji pwòp pou kominote ki nan bezwen yo. Defi Bon Djòb la pral asire nou ofri opòtinite pou moun k ap chèche travay, pandan l ap travay an menm tan nan objektif enèji pwòp nou yo."

Michael D. Welsh, ki se Vis Prezidan Entènasyonal, nan International Brotherhood of Electrical Workers (IBEW), te deklare, "Travay an kolaborasyon ak Eta New York ak kolèj kominotè yo se yon fason efikas pou pote nouvo estajye ki byen prepare nan pwogram karyè sendika nou yo. IBEW apresye fason pwogram sa a reprezante enterè travayè sendika eta yo, anpil nan yo wè deplizanpli yon avni nan travay enèji pwòp yo."

Kofondatè ak Vis Prezidan 400 Foundation lan, Reveran Doktè Kahli Mootoo te deklare, "Genyen yon jeni senp nan patenarya ak enstitisyon piblik edikasyon siperyè nou yo, pou bay chemen pou opòtinite karyè vèt k ap parèt, epi bay opòtinite sa yo bay moun ki nan kominote ki istorikman defavorize ak majinalize yo. Yon jeni senp, nan kad jistis ke NYCCEE te inisyè, ki bay fondasyon richès jenerasyonèl pou moun ke yo te bliye yon fwa, pandan y ap bay resous enèji ki respekte anviwònman an k ap alimante 100 jenerasyon k ap vini yo. Senpleman jenyal."

Prezidan Kingsborough Community College nan City University of New York (CUNY), Doktè Claudia V. Schrader, te deklare, "Objektif NYCCEE yo byen aliman ak efò CUNY ak angajman Eta New York pran anvè plizyè milye jèn ak adilt ki merite opòtinite pou jwenn travay ki byen peye nan endistri enèji pwòp la. Plan NYCCEE a pwofite fòs sistèm kolèj piblik New York la; nou pa ka tann pou nou kolabore ak moun ki gen enterè yo pou idantifye kourikoulòm epi retire baryè ki anpeche aksè ak opòtinite biznis 21èm syèk sa yo."

Prezidan Monroe Community College nan State University of New York (SUNY Monroe), Doktè DeAnna Burt-Nanna, te deklare, "SUNY Monroe kontan anpil pou li fè pati opòtinite sa a pou li ede fòme yon sistèm fòmasyon ak pataje kourikoulòm solid nan mitan kolèj yo ki pral kreye gwo avantaj pou etidyan ki soti nan milye ki ekonomikman defavorize ak istorikman majinalize yo. Patenarya enpòtan NYCCEE yo pral ede bay tout moun ki vle yo chemen karyè nan ekonomi enèji pwòp la."

Direktè Egzekitif Asosiyasyon Pwofesyonèl ak Fòmasyon pou Travay New York (New York Association of Training and Employment Professionals, NYATEP) Melinda Mack, te deklare, "Nou kwè NYSERDA ak NYCCEE gen yon pozisyon inik pou fè Ameriken yo tounen travay nan bon djòb. NYATEP kwè nan bati ak nan ranfòse patenarya, tankou patenarya sa a, pou konekte anplwayè ki gen bezwen anbochaj ak òganizasyon ki sipòte epi fòme moun ki soti nan kominote defavorize yo ak travayè ki deplase yo."

David Hepinstall, Direktè Egzekitif Asosiyasyon pou Enèji Bon Mache (Association for Energy Affordability) a, te deklare, "Kòm pensipal sektè Elektrifikasyon Batiman NYCCEE a, AEA pran angajman pou li entegre ekspètiz anpil moun ki gen enterè nou yo pou kreye chemen devlopman mendèv ki pote siksè ki vize pou bay etidyan k ap aprann yo konpetan emèjan ki nesèsè pou travay ki gen demand yo."

Direktè Devlopman Ekonomik pou Sant pou Kwasans Ekonomik lan (CEG), Mark Eagan, te deklare, "Pou ede efò NYSERDA yo, CEG pral sèvi ak wòl lidèchip rejyonal nou an pou rasanble anplwayè enèji pwòp yo, etidyan yo, etidyan adilt yo, ak lòt moun ki gen enterè yo pou asire ke tout pati yo ka pwofite pwogram sa a. Nou pral bay ekspè nan matyè yo pou bay konsèy sou kourikoulòm ak devlopman pwogram; dirije ak patisipe nan reyinyon yo jan sa apwopriye, revize dokiman yo ak konpile done pou asire yo abòde baryè yo ak dokimante ak repwodui siksè pwogram yo."

Vis Prezidan Egzekitif ak Ofisye Estrateji an Chèf pou Kòporasyon Devlopman Ekonomik NYC, Lindsay Greene, te deklare, "Objektif NYSERDA nan pouswiv Defi Bon Djòb yo byen alimante ak efò NYCEDC yo epi yo reflekte angajman Vil New York pran anvè plizyè milye jèn ak adilt ki merite opòtinite pou jwenn djòb ki byen peye. Plan NYSERDA pou yon pwogram fòmasyon solid ak sistèm fòmasyon atravè kanpis la bon, epi nou sipòte anfas li sou jistis anviwònmanal la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Enèji Renouvlab Entè-eta (IREC) Larry Sherwood, te deklare, "IREC kontan sèvi kòm prensipal sektè solè pou inisyativ sa a. Nan sèvis konsòsyòm nan, nou pral pote Alyans Mendèv Enèji Pwòp Nasyonal (National Clean Energy Workforce Alliance ak Resansman Travay nan Enèji Solè Nasyonal (National Solar Jobs Census) anyèl nou an, ak Kat Karyè entèaktif nou yo pou ede Nouyòkè yo jwenn bon travay."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosiyasyon Manifakti New York Santral la (MACNY), Randy Wolken, te deklare, "MACNY pran angajman pou li sèvi ak wòl

lidèchip rejyonal ak nan tout eta a nou an pou rasanble konpayi manifakti avanse yo nan chèn apwovizyonman pou enèji pwòp, ansanm ak etidyan yo, etidyan adilt yo, ak lòt moun ki gen enterè yo pou asire ke tout pati yo ka pwofite pwogram sa a."

Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral Arch Street Communications, Nora Madonick, te deklare, "Lè mendèv enèji pwòp New York yo gade nan glas nan 10 ane, kisa li pral wè? Avèk èd NYCCEE, avni nou an pral refilete New York konplètman. Arch Street Communications bat bravo pou lidèchip NYSERDA nan konbine edikasyon ak opòtinite, kreye yon fondasyon ekitab pou tout Nouyòkè konekte yo konekte ak avantaj ekonomi vèt la."

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou inisyativ pou devlopman ak fòmasyon mendèv NYSERDA a [isit la](#).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou NYCCEE, ansanm ak yon lis manm konplè, tanpri klike [isit la](#).

Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)